# <u>Асмауллагьи Аль х1усна жал берцинал Аллагьасул ц1арал</u>

Т1адег1анав Аллагьас хирияб Къуръаналда жаниб абуна: **Аллагьасе руго бищунго берцинал ц1арал. Нужеца Аллагьасда гьаре гьел ц1арал гьоркьор ккун.** Сура Аль-аг1раф, 180 аят.

Цоги Аллагьас абуна: **Аллагь жив цогояв, цоги жинда релъарав гьеч1ев вуго. Аллагьасул бищунго берцинал ц1аралги руго**. Сура Т1а-гьа, 8 аят.

Жинда аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *Х1акълъунго Аллагьасе 99 ункъоялда анц1ила ич1го ц1ар буго, нусго ц1ар г1езе цо ц1ар камурал. Гьел* ц1арал лъзарурав чи алжаналда лъугьуна – абун.

Гьел ц1арал лъазариялъул х1асил буго гьел маг1нагун цадахъ рик1ине лъай ва гьезул маг1наялда рекъон Аллагьасе г1ибадат гьаби.

Дагьабго шарх1ги гьабун дица гьел ц1аразул маг1на маг1арул мац1алда хъвалеб буго: бусурбабаз гьел ц1алун, гьезул пикру гьабун Аллагь разилъи т1алаб гьабиялда хьул лъун.

Гьаб кинабго г1алам, мухлукъ жинца бижарав, жиндие лагълъи гьабизе тIадав БетIергьан цохIо **<u>Аллагь</u> Ψ** гурони гьечIо.

**1<u>). Аллагь</u>:** абураб цIар буго жинца ТIадегIанав Аллагьасул заталда (черхалда) тIоритIел гьабулеб,

гьесул ТӀадегӀанлъиялда, гьев вукӀин хӀакъаб букӀиналда тӀоритӀел гьабулеб цӀар. Гьаб цӀар лъураб заталъул сипатал гӀадин руго хадусел киналго цӀарал. Гьаб цохӀо Аллагьасда Ψ гурони лъечӀеб ва лъолареб цӀарги буго.

**2). <u>А-ррахӀману</u>**: дунялалъул рукъов жиндие мутӀигӀасеги жиндие гӀасилъарасеги лъикӀлъи ва гурхӀел гьабулев, гьезие нигӀматал кьолев. Цоги магӀна гьабуна: жинца дунял-ахираталъул кӀудиял нигӀматал кьолев: иман - ислам гӀадаб, гӀокълолъай гӀадаб, алжан гӀадаб. Гьаб цӀарги Аллагьасда хасаб цӀар буго, цоги щивго чиясда жиб абулареб.

**3). <u>А-ррахӀиму</u>**: ахираталда жиндие мутӀигӀал гӀадамазе лъикӀлъи гьабулев ва гьезда цӀик1кӀун гурхӀулев. Цоги магӀна гьабуна: дунялалда гӀисинал, дагьал нигӀматал кьолев абун.

Цоги гӀалимас абуна: А-ррахӀиму абураб цӀаралъул магӀна гъваридаб буго А-ррахӀману абураб цӀаралдасанги абун. Гьеб А-ррахӀимуялъул магӀна бугелъул дунялалдаги ахираталдаги муъминзабада жив гурхӀулев, гьезие нигӀматал кьолев абураб. ХӀакъикъаталдаги цӀакъ кӀудияб лъикӀлъи ва рахӀмат буго Аллагьас Ψ муъминзабазе гьабураб жинца гьел имаисламалда тӀоритӀидал, гьелда хьвадизеги гьаридал. Ахираталда жидее нигӀматазул алжаналги хӀадурун ругелъул ва кинабго нигӀмат тӀубазабун жиндир гьумералда ралагьи гьезие ризкъилъун гьабулевги вугелъул.

Гьаб кIиябго Аллагьасул цIар гурхIел - рахIмоялда хурхараб бугелъул, гьеб цIар лъурал гIадамалги Аллагьасул халкъалда гурхIел-рахIмо бугел рукIуна, жидеда лъураб цIаралъул асар гьезие щун бугони. Аллагьасда иман лъеялда, тавбо гьабиялда халкъ ахIулел, гьезул хIажат тIубаялъе жидеца яхI бахъулел рукIуна.

**4). <u>Ал-Малику</u>:** кинабго гIаламалъул жиндие шарик (г1ахьалчи) гьечIев ханлъун жив вугев, къиямасеб къоялъул БетIергьанлъунги жив вугев, кинабго жо жинда хIажатав, жиндие бокьаразе бокьараб жо кьолев, жиндие бокьараб хIукму-къадарги гьабулев.

Аллагьасул гьаб цIаралъул магIна бичIч1арав ва гьелъул хIакъикъат лъарав чи жиндир чорхолъ чIухIи гьечIев, жиндир напсалъе бокьараб жо гьабуларев вукIуна. Жиндир берги, гIинги, мацIги, киналго лугбиги Аллагь Ψ разилъи тIалаб гьабун хьвадизарулев, гьесул ццим бахъиялдаса хIинкъулев вукIуна.

**5). <u>Ал-Къуддус</u>**: кинабгIаги гIайиб ва мукъсанлъиялдасан жив вацIадав. Инсанасулазда жиндир тIабигIат гIамал релълъинебизе бегьуларев. Гьаб цIаралъул магIна хал гьабурав ва гьеб бич1чIарав муъминчи киналго чорокал, къабихIал гIамалаздаса вацIцIалъи тIалаб гьабулев вукIуна.

**6<u>). А-Ссаламу</u>**: кинабгIаги къварилъи, гIакъуба, рекIел бакъвай жинда щоларев, жинца

мухлукъаталъе сахлъи, рекъел ва талихI кьолев. Аллагьасул Ψ гьаб цIаралъул хIакъикъат хал гьабурав чиясги жиндир тIабигIат гьаб цIарада боцизе яхI бахъула.

**7). <u>Ал-Муъмину</u>**: жинца муъминзаби цIаялдаса цIунулев, лагъзадерие гьабураб къотIи тIубазабулев, гьеб къотIиялъулъ жив ритIухъав, хIинкъи - къварилъиялдаса муъминзаби рикIкIад гьарулев. Кинабго махлукъат жиндир божилъиялда ва цIуниялда гъокь бугев, гьезие хIажатаб жоялъе жив гъокь чIарав.

**8). <u>Ал-Мугьаймину</u>**: жинца лагъзадерил гIамалазул хъаравуллъи гьабулев, жиндир лъаялдаса ва бихьи-рагIиялдаса щибго жо борчIун кколарев. Жиндир махлукъаталда тIад тIубараб ва гучаб къудрат бугев. Гьаб цIаралъул магIна хал гьабурав муъминчиясда Аллагьасда Ψ гIасилъизе кIоларо, гьесие хIеларав ва мутIигIав вукIуна.

**9). <u>Ал-ГIазизу</u>:** жиндир къуват гуч бергьарав, жиндаса щивго чи бергьунарев.

**10). <u>Ал-Жаббару</u>**: жиндие бокьараб жо бокьухъин гьабизе хIал кIолев ва махлукъаталда тIад жиндир амро-нагью билъанхъизабулев. Жинца кинабго жо квегъарав, жинда данде вахъарав залим гьалаг гьавулев. Цоги магIна гьабуна: жинца муъминзабазул ракIазе дару гьабулев, гьел сах гьарулев абун.

**11). <u>Ал-Мутакаббиру</u>**: жиндир сипатал ва пиша кинабго махлукъаталъул пишабаздаса тIадегIанав, кинабго чIухIи-рецц жиндие хIакъав.

Гьаб кIиябго Аллагьасул цIар ва сипат буго Аллагьасе ругел, гьесие рукIине рекъарал. Амма гьал сипатал лагъасул рукIине бегьуларо ва гьел сипатал жиндилъ ругев Аллагьасул Ψ лагъ жинда гьесул ццим бахъараздаса вукIуна. Гьаб кIиябго сипаталъул бакIалда муъминчиясулъ букIине ккола хIеренлъи, хIалимлъи, мутIигIлъи, чухIи рецц гьечIолъи. Гьаб киналго тамахал сипатал муъминзабаца хIалтIизаризе ккола жидеда гьоркьор. Ва амма Аллагьасулги жидерги тушманасда данде гьесулалдаса цIик1кIараб къвакIиги, бахIарчилъиги, гьунар-къуватги бихьизабизе ккола.

**12). <u>Ал-Халикъу</u>**: жинца жо бижулев, щибго мисал сурат гьечIого зобал-ракьал ва кинабго махлукъат бижарав, гьеб махлукъаталъул маслахIат лъан, гьелъул тадбир гьабун, кинабго махлукъаталъе хIажатаб жоги жинца бижунев.

**<u>13). Ал-Бариу</u>:** жиндие бокьараб жо бижизабизе ва батизабизе кIолев, гьеб ишалъе щибго жоялда хIажалъуларев: мисал-сурат къваригIунарев, алат хIалтIизабуларев.

**<u>14). Ал-Мусаввиру</u>**: щибаб жоялъул сипат-сурат бижулев. Гьаб махлукъаталъул щибаб жо цояб цоялда релълъараб гьечIого бижарав: щибаб жо батIа гьабизе лъазе ва щибалда хасаб хIукму-

хIалги букIине. Гьаб лъабго Аллагьасул цIаралъул пикрул гьабурав муъминчи цIохIо Аллагьасе гурони хIелуларо ва гьесие гурони гIибадатги гьабуларо: кинабго жо жинца бижулев, батизабулев, гьелъул сипат - сурат гьабулев БетIергьанасе гьабичIого, гIибадат цоги щибниги жоялъе гьабизе бегьилишха?

**15). __Ал-Гъаффару__**: жинца мунагьал рахчулев, жив тIасса лъугьулев. Жинда иман лъурав ва жиндие гIибадат гIицIц1 гьабурал муъминзабазул квешлъиги лъикIлъиялда сверизабулев. Муъминчиясул чорхолъ букIине тIадаб сипат буго гьаб.

**16). __Ал-Къагьгьару__**: жиндир хIалкIолъи кинабго жоялда тIад бугев ва кинабго жо жиндие квегъун ч1чIезабулев. Жиндие бокьраб жо гьабизе махлъукъ тIамулев ва кинабго жо жиндие мутIигIлъун, хIелун букIунев.

**17). __Ал-Вагьабу__**: жинца чIорого, гIорхъи ва рикIкIен гьечIого гIемерал нигIматал кьолев. Жинда гьаричIого кьолев, кьураб нигIматалда данде щибго жо тIалаб гьабичIого кьолев.

Гьаб сипатги муъминчиясе цIакъ рекъараб сипат буго. КигIан гIемер садахъа хайрат нилъеца кьуниги нилъер ризкъи дагьлъуларо; гьеб гIемерлъула ва гьелда баракатги букIуна.

**18). __Ар-Раззакъу:__** жинца кинабниги рухI бугеб жоялъе ризкъи кьолев. Гьеб ризкъи жинца

бижарав ва хIажалъи бихьун щибаб заманаялъ гьеб жидер бетIергъабазухъе щвезабулев.

**19). <u>Ал-ФаттахIу</u>**: жинца кинабго захIматаб жо бигьа гьабулев. Жинца лагъзадерида гьоркьоб хIукму гьабулев. Жинца гIелму ва гIакъло рагьулев, мискин пакъирасе ризкъиялъул рагьо рагьулев. Жинца муъминзабазул ракIал Аллагь лъаялъе рагьулев ва гьезда жанибе иманалъул нур лъугьинабулев.

**20). <u>Ал-ГIалиму</u>:** жинда кинабго жо лъалев. Жиндир лъай кинабго жоялда гIамлъарав. Жинда балъагоябги загьирабги лъалев, рекIел хиваланги лъалев. Жиндир гIелму-лъаялдаса гьаб кIудияб махлукъаталъул цохIо зарра гIадаб жоги болъго хутIуларев. Инсанасе Аллагьас Ψ кьураб гIелму цIакъго дагьаб жо гурони гьечIо. Гьеб гIелму жиндие кьурав чияс даимго Аллагьасе рецц гьабизе тIадаб буго ва гьеб цогидазда лъазабизеги тIадаб буго, кинабгIаги чIухIи-рецц рекIелъ биччачIого хьвадизеги тIадаб буго.

**21). <u>Ал-Къабизу</u>:** жинца ажал лъугьарал гIадамазул рухIал росулев ва жиндие бокьарав чиясе ризкъиги дагь гьабулев. Муъминчиясул ракI жиндир гIазабалдаса хIинкъун данде къазабулев.

**22<u>). Ал-БаситIу</u>**: жинца гIумру халат гьабулев ва ризкъиги гIатIид гьабулев.

Гьаб кIиябго сипат кидаго муъминчияс хал гьабизе ккола ва даимго жив Аллагьасдаса Ψ

хIинкъиялда ва гьесда хьул лъеялда гьоркьов вукIине ккола.

**23). <u>Ал-Хафизу</u>:** жинца купру-ширкалъул гIадамал гIодорегIан гьарулев ва инжит гьарулев.

**24). <u>Ар -РафигIу</u>**: жинца муъминзаби тIадегIан гьарулев ва гьезул къадро-даража борхизабулев. Жинца зобалги тIаде рорхарав.

**25). <u>Ал-МугIиззу</u>**: жиндие бокьарав чиясул къуватги къадроги кIодо гьабулев, гьесие бергьенлъиги кьолев. Муъминзабазул къадро к1одо гьабулев.

**26). <u>Ал- Музиллу</u>**: жиндие бокьарав чи загIип гьавун гIодовегIан гьавулев ва дандиясдаса къезе гьавулев. Капурзаби г1одорг1ан гьарулев.

**27). <u>Ал-ССамигIу</u>:** жинда кинабго рагIизе рес бугеб жо рагIулев, гьеб рагIулеб алат (гIин) гьечIого, ракIалъ гьабулеб хиялги рагIулев, шурун бицулебги рагIулев.

**28). <u>Ал-Басиру</u>**: жинда кинабго бихьизе рес бугеб жо бихьулев, гьеб бихьулеб алатги (бер) гьечIого. РекIел балъголъабиги рихьулев.

**29). <u>Ал-ХIакаму</u>:** жинца халкъалда гьоркьоб хIукму гьабулев, хIакъабги батIулабги жо батIа гьабулев. Ахираталда кинабго хIукму жинца тIубазе гьабулев. Жив цогояв хIакимлъун вугев ва жиндир хIукму лъицаго хисизабуларев.

Аллагьасул Ψ гьаб сипат лъарав лагъ тIобанго гьесул хIукму къадаралъе мутIигIав вукIуна, жинца Аллагь гуресул хIукму къабул гьабуларо ва

тIад ругел ханзабазул ургъун рахъарал хIукмабиги ритIухъ гьаруларо.

**30). Ал-ГIадилу**: жиндир кинабго хIукму-къадаралъулъ жив ритIухъав цониги махлъукъаталъе зарал бугеб хIукму гьабуларев. Жиндир лагъзадерица хиянат ва зарар гьаби жинца хIарам гьабурав. Щибаб жоялъул хIакъ тIубазабулев ва гьелъул маслахIат жинца цIунулев.

**31). Ал-ЛатIифу:** жиндир лагъзадерида цIакъ гурхIулев, гьезул хIажатал тIуралев, гьезие лъикIлъи гьабулев ва цIоб-рахIмо гьабулев. Гьаб кIиго сипатги муъминзабазул рукIине рекъарал сипатал руго.

**32). Ал-Хабиру:** жинда балъгоябги загьирабги жо лъалев, ццебеккун букIарабги нахъа букIинесебги жо лъалев, жинда умуразул бищунго тIеренал, гъваридал хIалалги лъалев.

**33). Ал-ХIалиму**: жив хIалимав жиндир гурхIел рахIмо г1емерав. Жинда гIассилъарасеги гIазаб гьабичIого толев, гьев тавбо гьабун вуссине бокьун. Жинда гIасилъаразул зулмуялда сабро гьабулев. ГIасилъаразеги мутIигIазеги ризкъи кьолев. Муъминчиясдаги цIакъ рекъола гьаб хIалимлъиги, хIеренлъиги.

**34). Ал-Г1азиму**: жиндир къадро кIудияв, жиндир къадро кIодолъиялъе гIорхъи гьечIев ва гьелъие авал-ахир гьечIев.

**35). <u>Ал-Гъафуру</u>**: жив тIаса лъугьулев ва жинца лагъзадерил мунагьал чурулев ва гьезул гъалатIлъи-гъапуллъи бахчун толев.

**36). <u>А-Шшакуру</u>**: жиндир лагъзадерил дагьабго лъакIаб гIамалалда данде гIемер ажро кири гьабулев, гьезул гIамалазул гъалатIлъи, хат1алъи бахчун, камилаб гIамаллъун гьеб къабул гьабулев

Муъминчиясдаги тIадаб буго тIадеIанав Аллагьасул Ѱ гIемерал ва кIудиял нигIматал лъан, гьезда данде даимго щукру гьабизе. Бищунго кIудияб шукру буго гьел нигIматал Аллагь разилъи тIалаб гьабун хьвадиялда сверизари, гьесул ццим бахъулеб гIамал гьабиялдаса рикIкIалъи. Жиндие лъикIлъи гьабурасул лъикIлъиялда данде щукру гьабизеги тIадаб буго: гьеб шукру гьаби букIула дуцаги досие лъикIлъи гьаби.

**37). <u>Ал-ГIаллию</u>**: жив ТIадегIанав киналго сипатазулъ ва макъамазулъ: гьесул макъамалда щибго жо гIагарлъуларо ва гьесие гIахьалчи гьечIо. Гьудул-гьалмагъ гьечIо, жив щибго жоялда хIажатав гьечIо ва кинабго махлукъат гьесда хIажатаб буго.

**38). <u>Ал-Кабиру</u>:** жив кIудияв, жиндир гIамал пишаги кIудияв, жинда релълъараб щибго жо гьечIев, жиндир хиралъи ва къадро кIудияв.

**39). <u>Ал-ХIафизу</u>**: жиндир махлукъат цIунулев, жиндир хъаравуллъиялдаса ва цIуниялдаса цохIо зарра гIадаб жоги гъоркь хутIуларев. Жинца

муъминзаби дунял-ахираталъул балагьаздаса цIунулев.

**40). <u>Ал-Мукъиту</u>**: жиндир махлукъаталъул ризкъи хIажатаб шинаб жоялъухъе гьелъул ризкъи щвезабулев. Жиндир гуч бергьарав, жиндир квербакъиги кутакав.

**41). <u>Ал-ХIасибу</u>**: жинца дунялалъул рукъоб жиндир лагъзадерие хIажатаб жо чIч1езабулев, гьезие ва цогидаб махлукъаталъе жинца гIей гьабулев, гьездаса заралги нахъчIвалев. Ахираталда кинабго халкъалъ жиндир хIисаб-мизаналъе жаваб кьолев.

**42). <u>Ал-Жалилу</u>**: жиндир къадро кIудияв, жиндие мукъсанлъи бачIунел сипатаздаса вац1цIадав.

**43). <u>Ал-Кариму</u>**: жив сахаватав, жинца нигIматал хIисаб гьечIого кьолев ва кигIан гIемер кьуниги жиндир нигIматал дагьлъуларев. Кинабго хиралъи ва рецц жиндие мустахIикъав. Жиндихъе кIанцIарав нахъчIваларев, жинда хьул лъурав чIового хутIуларев. Аллагьсул Ψ сахавалъи буго нилълъ иман исламалда тIоритIи, нилъеда хирияв авараг витIун ва хирияб Къуръан рештIинабун жив цо гьавулел ва жиндие гIибадат гьабулеллъун нилълъ гьари.

**44). <u>А-Рракъибу</u>**: жинца лагъзадерил хIалазул хъаравуллъи гьабулев. ГIадамазул, жундузул малаиказул цохIо зарра гIадаб жо жинда балъго хутIуларев.

**45). <u>Ал-Мужибу</u>**: жинца муъминбазул дугIаялъе жаваб гьабулев жинда гурони гьаризе бегьуларев. Жинда гьареян абун амру гьабурав, жинда гьарарасе жабаб кьезеги къотIи гьабурав.

**46). <u>Ал-ВасигIу</u>**: жиндир нигIматал гIемерав, жиндир гурхIел гIаммав, жиндир гIелму лъай кинабго жоялда щварав ва гьелда сверун лъугьарав.

**47). <u>Ал-ХIакиму</u>**: жинца хIукму битIун гьабулев, жиндир гIелму камилав. Кинабго жоялъул хIукму-хIал жинда лъалев ва кинабго жоялъул маслахIат лъан, гьелда рекъараб къадар гьабулев.

**48). <u>Ал-Вадуду</u>**: жиндие муъминал лагъзал рокьулев ва гьел муъминзабазул рак1азулъ жив вокьи лъугьинабулев.

**49). <u>Ал-Мажиду</u>:** жиндир сахавалъиялъулъ тIокIлъарав, жиндир нигIматал гIемерав, лъикIлъи даимав.

**50). <u>Ал-БагIису</u>:** жинца халкъалда аварагзаби ритIулев гьел хIакъаб диналде ахIизе. Муъминзабазе квербакъиялъе малаикзаби ритIулев. Жинца къиямасеб къоялъ халкъ тIад бахъинабулев: хIисаб-мизан гьабизе ва жаза гьабизе.

**51). <u>Аш-Шагьиду</u>**: кинабго жо жинда лъалев, гьелда валагьун вугев, гьелъул нугIлъун жив вугев.

**52). <u>Ал-ХIакъкъу</u>**: жив вати хIакъав, жиндие авал-ахир гьечIев, жиндие гIибадат гьабизе хIакъав ва жиндие рокьарал, жив вокьарал муъминзабазе жинца квербакъи гьабулев.

**53). <u>Ал-Вакилу</u>**: жинда мугъ чIвалев, жинда умурал (ишал) тIамун толев, жинда божарав ва таваккал тIамурав гIадада холарев.

**54). <u>Ал-Къавию</u>**: кинабго къуват жиндие бугев, жив кинабго жоялдаса бергьунев, ва жиндир къуват кинабго къуваталда тIад бугев.

**55). <u>Ал-Матину</u>**: жиндир гуч къвакIарав, жиндие бокьараб жо батизабизе хIал кIолев, жив щибго жоялда хIажалъуларев.

**56). <u>Ал-Валию</u>**: жинца лагъзадерил тадбирал гьарулев, гьезул умурал жинца тIубалев, муъминзабазе квербакьулев ва гьезул тушбаби къезарулев.

**57). <u>Ал-ХIамиду</u>**: жив веццарав, кинабго реццалъул бетIергьанлъун жив вугев, ва кинабго махлукъаталъ кинабго хIалалъ жиндие рецц гьабулев.

**58). <u>Ал-МухIси</u>**: кинабго жоялда жиндир гIелму сверун лъугьарав, жиндир гIелмуялдаса щибго жо гъоркь хутIуларев.

**59). <u>Ал-Мубдиу</u>:** жинца жо бижи бай бихьулев: щибго мисал-сурат гьечIого.

**60). <u>Ал-МугIиду</u>**: жинца чIагоял хвезе гьарулев. Цинги хварал тIад рахъинарун цIидаса чIаго гьарулев.

**61). <u>Ал-МухIйи:</u>** жинца жо чIаго гьабулев, жинца чIаголъи бижулев. Хун хадуб гIадамал чIаго гьарун тIад рахъинарулев.

**62). <u>Ал-Мумиту</u>**: жинца кинабго рухI бугеб жо хвезабулев, жиндие бокьараб мехалъ ва жиндие бокьараб хIалалъ.

**63). <u>Ал-ХIаю:</u>** жив чIагояв жиндир гIелму лъаялдалъун къуват-къудраталдалъун. Жиндир чIаголъиялъе авал-ахир гьечIев, азалияб чIаголъи жиндие бугев.

**64). <u>Ал-Къаюму</u>**: жив жиндаго ч1чIарав, жив лъицаго ватизавичIев, жинца кинабго жо батизабулев. Жиндир махлукъаталъул тадбир гьабиялда жив ч1чIарав.

**65). <u>Ал-Важиду</u>**: жив щибго жоялда хIажатав гьечIев, жиндие бокьараб жо бокьараб хIалалъ ва бокьараб гIужалъ батулев. Жив щибго жоялъ гIажиз гьавуларев.

**66). <u>Ал-Мажиду</u>**: жиндир сахавалъи ва лъикIал тIабигIатал камилав, жинца гIатIидго нигIматал кьолев, жиндир къадро ва тIадегIанлъи гIорхъи гьечIого гIатIидав.

**67). Ал-ВахIидул-АхIаду**: жив цогояв, жиндир заталъулъ ва сипатазулъ щибго жоялъ гIахьаллъи гьабуларев, жиндир ханлъи ва БетIергьанлъи камилав, жиндир пишабазулъ жив цогояв, жиндие цониги рахъалъан гIахьалчи гьечIев.

**68). <u>Ассамаду</u>**: жиндие кинабго жо мутIигIав ва кинабго жо жинда хIажатав, жиндир амру гьечIеб

жо лъагьунарев, лагъзадерица жидер диналъулъ ва дунялалъулъ жинда къасд гьабулев.

**69). Ал-Къадиру**: жиндир къуват гуч бергьарав, кинабго жоялда жиндир хIал кIолев. ГьечIеб бакIалдаса жо бижулев ва кинабго жо гьалаг гьабизе жиндир къуват бугев.

**70). Ал-Мукътадиру**: жиндир хIалкIолъи камилав, лагъзадерил амру ва тадбир тIубазе ва гьезул маслахIатал цIунизе жиндир хIал кIолев.

**71). Ал-Мукъадиму**: жинца ццебе гьабизе мустахIикъаб жо ццебе гьабулев. Аварагзаби кинабго халкъалдаса ццере гьарулев, муъминзбаи иман исламалдалъун ццере гьарулев.

**72). Ал-Муахиру**: нахъе бахъизе, нахъехун тезе рекъараб жо жинца нахъехун толев. Капурал, мушрикал, зулмуял ва къабихIал гIадамал жинца нахъегIан къазарулев ва гьел жиндир рахIматаздаса рикIкIад гьарулев.

**73). Ал-Аввалу** жив тIоцевесев, жиндир ватиялъе авал гьечIого жив ццевего вукIарав; махлукъат бижилалде ццевего жив вукIарав.

**74). Ал-Ахиру**: кинабго жоялдаса хадув жив вукIунев. Жиндир ватиялъе ахир гьечIев. Жиндасан хадуб щибго жо букIунарев.

**75). А-Ззагьиру**: жив вукIиналда кинабго махлукъалъ тIоритIел гьабулев, жив кинабго жоялда тIад вугев гьунар-къуваталдалъун.

**76). Ал-БатIину**: жив вукIин хIакъаб букIин гуреб жиндир хIакъикъаталда инсан хадув

гъоларев. Махлукъат батиялдалъун жив вукIин лъалев. Жинда киналго балъголъаби лъалев.

**77). <u>Ал-Вали:</u>** кинабго жоялъул ханлъун, маликлъун, амирлъун жив вугев. Жиндир хIикматалда рекъон махлукъаталъул тадбир гьабулев.

**78). <u>Ал-МутагIали</u>**: инсанасул гIелму-гIакълo нахъ регIиялдаса жив тIадегIанав, мушрикаца жиндие гьарулел сипатаздаса: жиндие шарик вукIиналдаса, жиндир хIакъалъулъ шакдарулел гIадамазул шаклъиялдасаги жив т1адег1анав.

**79). <u>Ал-Барру</u>**: жинца лъикIлъи гьабулев, жиндир къотIиялъулъ ритIухъав, муъминзабазе дунялалда ва ахираталда лъикIлъаби гьарулев, дугIаялъе жаваб гьабулев.

**80). <u>А-Ттавабу</u>**: жинца тавбо къабул гьабулев. Тавбо гьабизе жиндие бокьулев ва тавбо гьабизе жинца гьесизе гьарулев.

**81). <u>Ал-Мунтакъиму:</u>** жинда гIасилъарал гIадамаздаса жинца ццим босулев, зулмучагIазе гIакъуба гьабулев, жиндие бокьарал умматал гьалаг гьарулев.

**82). <u>Ал-ГIафувву</u>**: жинца мунагьал рахчулев, жив тIаса лъугьунев. Жинца гIакъуба хех гьабуларев. Ахираталда муъминзабадаса тIаса лъугьун гьезие гIазаб гьабичIого толев.

**83). <u>А-Ррауфу</u>**: жиндир гурхIел-рахIмо, хIалимлъи гIемерав, жиндилъ щибго хъачIлъи ва согIлъи гьечIев. Муъминзабада гурхIел цIикIарав.

Гьезул мунагьал тIасан ине гьарун гьел мунагьал лъикIаб гIамаллъун сверизе гьарулев.

**84). <u>Маликул-Мулки</u>:** кинабго мухлукъалъул хан. Ханзабазулги хан. Жиндир хIукму къадаралъе нахъе чIвай гьечIев, жиндие бокьараб жо лъугьунев, жиндие бокьичIеб жо лъугьунарев.

**85). <u>Зулжалали вал икрами</u>**: кинабго хиралъи, кIодолъи жиндие бугев, жив хира гьавизе, жиндие хIурмат гьабизе ва жиндаса хIинкъизе мустахIикъав бетIергьанлъун жив вугев.

**86). <u>Ал-МукъситIу</u>**: жиндир хIукмуялъулъ ритIухъав, жиндир гIадло битIарав. ЗулмучагIаздаса рецIел босулев, жиндие зулму гьабурав ва жинца зулму гьабурав цоцазул хIакъ тIубан рази гьарулев.

**87). Ал-ЖамигIу**: киналниги берцинал, камилал цIарал ва сипатал жинца данде гьарурав. Къиямасеб къоялъ кинабго халкъ махIшаралда данде ракIарун гьезул хIисаб-мизан гьабун гьезие жаза гьабулев.

**88). <u>Ал-Гъанию</u>**: жив щибго жоялда хIажатав гьечIев, жиндие кинабго жо рекъон бугев, кинабго жо жинда хIажатаблъун бугев.

**89) <u>Ал-Мугъни</u>**: жинца гIадамазе хIажатаб жо кьун гьел бечед гьарулев. БоцIи-малалдалъун, гIелму-лъаялдалъун бечед гьарулев. Жиндир махлукъаталъе ризкъи кьун гьелдалъун гьезие гIейи гьабулев.

**90). <u>Ал-МугІтІи</u>:** жинца хІажатаб жо кьолев ва щибаб жоялъул маслахІат жинда лъалев, гьеб маслахІаталда рекъон кьолев. Жив разиял муъминзабазе дунял - ахираталъул бахьибуголъи кьолев.

**91). <u>Ал-МанигІу</u>**: муъминзабадаса къварилъи-балагь нахъчІвалев, жинда гІасилъараздаса ахираталъул нигІматал нахъчІвалев. Муъминзаби гІасилъи - пасикълъиялдаса нахъчІвалев.

**92). <u>А-Ззарру</u>**: жиндие зарал гьабизе мустахІикълъарасе унти - къварилъи тІад биччан зарал гьабулев;. зарал ва хайир гьаби жиндир хІукмулъун бугев, жинца изну кьечІони, гьеб гьабизе цониги чиясул хІал кІоларев.

**93). <u>А-ННафигІу</u>**: жиндие мунпагІат гьабизе мустахІикъасе мунпагІат гьабулев: Иман, гІелму, гІакъло, камил гьабун. Зарал гьаби ва мунпагІат гьаби жиндир хІикматада рекъон букІулев. Инсанасе лъикІаблъун бихьараб жо Аллагьасда Ψ аскІоб зарилияб букІине бегьула.

**94). <u>А-Ннуру</u>**: жинца хІакъаб диналда тІоритІулев, хІакъаб нух бихьулеб нурлъун жив вугев. Зобал-ракьал жиндир нуралдалъун гвангъарав, жиндир нуралъ кинабго жо загьираблъун гьабулев.

**95). <u>Ал-Гьади</u>:** жинца муъминзаби иманалда тІоритІарав. Гьаб кинабго махлукъат бижун, гьеб гІакъло бугел чагІазда бихьизабун, гьел махлукъаталъул Халикъ вукІиналда тІоритІирав,

хIакъаб каламалдалъун битIараб нухда халкъ тIобитIулев.

**96). <u>Ал-БадигIу:</u>** жинца жо бижулев ва батизабулев. Жинда релълъараб щибго жо гьечIев. Заталъулъ, сипаталъулъ, гьунар-къуваталъулъги.

**97). <u>Ал-Бакъи</u>**: жиндир вати даимав, жиндие тIаса ин гьечIев, жив нахъе хутIулев, жиндие ахир гьечIев.

**98). <u>Ал-Варису</u>**: зобал ракьазул ва кинабго махлукъаталъул ирс жиндие бугев, гьеб кинабго жо жиндир мулклъун бугев, халкъ хвезабун хадубги гьеб кинабго жо жиндир букIунев.

**99). <u>А-Рращиду</u>**: жинца хIакъаб диналда тIоритIун гьелда хьвадарал муъминзаби бахьибугеллъун гьарулев. Жиндир хIикматалда рекъон жиндие бокьарав чи иманалда тIовитIулев, жиндие бокьарав тIовитIичIого толев.

**100). <u>А-Ссабуру:</u>** жиндир сабру кIудияв, жинда гIасилъаразе гIазаб хех гьабуларев. Жиндир пишабазулъ гIедегIи гьечIев. Кинабго жо жиндие цIараб гIужалъ гьабулев.

Аллагьас квер бакъаги гьабеги жив разияб г1амал гьабизе. Амин.

**ц1аразе таржама гьабуна Сасикьа Г1абдурах1имица.**

# Заметки